

# Kan 8 Benefisyè ARC

## TRANSKRIPSYON FOKIS GWOUP KAN #8

Madi 23 Fevriye- Madi 1 Mas 2016

### **Patisipan**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC

### **ENTWODIKSYON**

Tim : *Mwen rele Tim. Mwen se yon Sosyolog. Mwen gen 25 kan nan peyi a. Mwen se yon Antropolog. Mwen te ekri tez mwen sou Ayiti. Mwen vini mwen pa janm ale anko. Mwen te al Sen Domeng epi mwen pa jan tounen nan peyim. Almathe travay avek mwen depi lontan. Nou fome yon gwoup ki rele Sosyodig. Mwen gen 30 moun ki travay avek mwen. Mwen gen 2 etranje tou se yon Franse ak yon lot Ameriken ki konn vini travay ak mwen. Se mwen ki baze nan peyi a... Gen Almathe ki prinsipal epi gen lot enkete ki travay ak nou . Steph ki travay ak nou. Steph di yon ti bonjou!*

Stephanie : *Mwen panse Tim gentan di tout. Mwen se youn nan manb staf Sosyodik. Donk, mwen pase se yon plezi pou nou genyen nou la maten an ki pral pataje kek enfomasyon ki ap tre enpotan pou swivi ke nou bezwen fe pou anket la nou pral fe yo. Mwen swete nou byenvin. Mwen swete nou byen patisipe ak nou.*

Almathe : *Bonjou. Mwen kontan nou vini tou. Non pa'm se Almathe. Tim ak Stephanie gentan pale, mwen fe pati de ekip la tou. Nou gentan chita nou pale ak anpil benefisyе. Nou we pyenvi benefisyе yo. Mwen panse nou menm ki se ajan ki te sou teren an ki t.ap travay ak benefisyе yo, nou gen anpil enfomasyon n'ap ban ou ,pou nou pataje pou nou ka konprann sistem nan, kijan bagay yo te mache.*

**Ok nou tou de nan Care. Nou rekonet ? Eske se la nou rekonet ? Nou se fanmi?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC *Non, nou pa fanmi. Men akoz sitiyasyon an nou fin kom si vin fanmi. Paske nou rekonet. Nan menm sitiyasyon an nou ye. Nou vin kolabore ansanm kife nou rekonet.*

**Nou te nan menm kan oubyen se jodia ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non. Nou te nan menm kan. Men kounya la pwiske kan yo epapiye pou kay yo te afeme, men chak moun nan yon kay. Men se pandan, se vle di ke yo menm yo soti nan kan Aki.*

**Tout moun la ? Nou tout la ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Wi nou tout la.*

**Ok.**

**Ki kote Aki ye ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Kafou.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Kafou, Kotplaj 24.*

**Ok mwen konn pase la. Wi, mwen kwe mwen te pase la yon le. Eske sa pa kote yo konn boule fatra ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non, sa se Ray anba.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non, li menm se nan riyel legliz Pepetyel Kotplaj 24. Se la kan akeu ye. Nou ape pre 15 fanmi.*

**15 fanmi kite nan kan ? Sa vle di li pat twop ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non se espas la ki pat two gwo kife se konse nou te jerel.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Sa vle di ke, wi le apre pre 15 fanmi. Ok men nou te jwenn vizit api de OIM ki te fe resansman pou nou. Ok, OIM fe resansman apre sa nou te gen lot oganozasyon eeee avan Care ....*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Mwen blyie pa sonje.*

### **Care te la tou ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Wi Care, o denye moman vin pran responsabilite a. Men se OIM ki t'ap fe tout bagay pou nou, epwi Care. Yo pase OIM kan bay Care. Pou Care te kap pran swen nou. Men sa ke nou te genyen kom difikilte, nan sezon plivyez yo nou te bezwen prela plastik yo. Nou pat jwenn yo. Malgre demand nou te fe yo, nou pat jwenn yo. Men nan peryod nou te gen OIM li te plis oumwen konn reponn a lapel pou nou. Minista te konn vin vizite nou souvan tou. Ok ? Yo te konn ban ou sipo moral men se te plis OIM ki te konn fasilité nou kek bagay.*

*Sa vle di ke opremye moman yo te ban ou latrin paske nou gen pwoblem latrin. Yo t'ap rezoud pwoble dlo pou nou men pwoblem dlo a pat rezoud. Men Dinepa te mennen anket sou dlo n'ap sevi nan riyel la. Paske se la moun yo te konn al achete dlo nan men yon vwazen an fas la. Abitid li te konn vin kontwole dlo a pou nou. Eske dlo a polye oubyen li pa polye. Si dlo a klwore oubyen li pa klore. Sa vle di si dlo a gen kloros, li gen klor ladann. A se moman nou te vin genyen pliz oumwen espwa gen kek bagay yo ka fe . Men yo te ba nou latrin tou. Men latrin nan pat janm konn netwoye. Sa vle di ke latrin te konn gen pwoblem pou te konn netwaye nomalman. Yo te vin oblige leve latrin yo.*

### **Men yo bay lot ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non, yo pat bay lot. Yo te vin leve latrin nan.*

### **Ki kalite latrin nou te genyen ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Latrin potab yo te genyen.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Ak yo chato do anle. Yo fel ak yon go siten anbal.*

### **Oh se yon twalet floche, li floche?**

*Non li pa floche. Se yon potab li ye .*

### **Menm jan ak sa ki sou Chanmas yo ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non, sak sou Chanmas pa konsa*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non, yo fel de manyen yo fe yon ti kay anle. Yo mete yon gwo siten pa anba. Ke yo kapab mete yon ponp pou yo ka retire matye yo. Men konn fe mwa 2 mwa plen pa gen moun ki pou retire yo. Sa vle di nan pwoblem ki konn vin prezante moun sou katye yo....*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Moun sou katye yo, le ode yo monte moun ki gen kay ki pat bagay. Yo te met cho pou met te a kote nou ye a. Te vin gen pwoblem tou. Se sak fe nou te vin gen plis pwoblem tou.*

### **Kile sa te fet ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Se pandan OIM t'ap kontwole.*

### **An 2012-2013 ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *2013 pral antre 2014*

### **E le sa yo komanse bay presyon?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Wi, nou te menm ale nan lameri. Nou te rankontre yo demwazel se te yon blanch li te ye. Li te nan OIM. Li te pran ka nou an konsiderasyon. Pou yo ye te peye te a pou nou. Maleresman kob la pat dekese pou yo te peye te a pou nou. Paske yo tap espilse nou sou teren. Pa rapo ak pwoblem met te a te we nou genyen, sa vle di li vin ban ou vag. Li te kite nou sou teren an jiskaske odenye moman yo te vin retire nou. Yo vin anfem kay pou nou.*

**Ok, ban poze nou yon kesyon, w di nou gen apre 15 fanmi. Eske 15 fanmi sa se 15 fanmi kite konnen lot avan tranbleman de te a ? Ke vle di nou te vwazinaj. Ki kote nou soti 15 fanmi sa yo ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Ok, 15 fanmi lan sa pa, okomansman nou te plis ke 15 fanmi. Men moun yo vini sa vle di le n'ap bay presyon sou teren an gen moun ki deplase ki al lot kote.*

**Konbyen fanmi nou te genyen ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Nou te gen ape pre 84 fanmi an tou al lepok, 84 fanmi pase.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Moun yo, tanzantan gen moun ki gen ti mwayen pa yo moun yo gen moun lotbo k'ap ede yo, yo kanmase ap kite sit la. Paske met teren an te komanse ak bay pwoblem nan baz. Moun ki vin rete yo se moun ki te pi vilnerab yo. Paske yo pat gen ase mwayen pou ebeje tet yo. Kounya yo oblige rete. Men avan li plis menase 15 fanmi sa. OIM te pran responsabilite kan apre pasel bay Care.*

**Ok. Lew di OIM pran responsabilite nou, eske li ban ou manje pran tout swen nou ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Ok. Sa se pi gwo pwoblem nou te genyen.*

**Ok. Sa se nimewo 2 kap pale.**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Ok, se nimewo 2 kap pale. Se pi gwo pwoblem nou te genyen. Le mwen pa raplem non ki organizasyon ki te vini, lel mande nou ki vizit nou jwenn nou dil OIM. Li di nou li pap ka fe anyen pou pou nou. Depi nou gen OIM avek nou l'ap ka fe tout bagay pou nou. Men mwen pa konnen OIM si se dirijan yo jan yo kontwole bagay yo. Men nou pat jwenn chans nou menm pou bezwen pan ou te rive. Paske se te yon lapli, labou. Gen yon labou, timoun, ak prela, moun pa jwenn okipasyon pou yo fe. Se le sa prezidan kan an paske mwen pati moun nan kan tou se le sa nou oblige ap mache chache ed pou moun ki pi ba yo. Se le sa nou vin jwenn kontak Care. Kounya sa Care te vin fe pou nou li te vin ban ou prela nan moman tou. An apre livre nou prela, men pou ed pou manje nou pat jwenn ed sa.*

### **Men kisa nou te jwenn menm?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Nou te konn jwenn kit. Kit nou te jwenn nan se savon, od twalet, bagay ijenik.*

### **Nou pa jwenn anyen anko ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non nou pat jwenn anyen anko. Apre sa yo fe nou jwenn yon kote pou nou rete.*

### **Lew di ke yo mete moun ap ban ou presyon, kijan li tap bay presyon an ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Bon li te di nou, met te a ojis. Sak fe li te vin ap ba nou presyon, sak fe li vinn bay chale plis poun te soti sou teren, teren an yo te bezwen batil. Teren an te vin apatyen ak 3 moun. Ok, nou te gen yon moun ki te apsete avek nou pou pale ak lot 2 moun yo. Moun sa yo pa rete sou teren an yo menm. Yo rete byen lyen. Se 2 lot moun sa yo, se yo menm ki te plis bay chale ki pat vle nou rete sou teren an. Yo di moun nan katye a ap di moun anba tant nou yen ou anpeche yo domi. Nou te mete yon sekirite tay. Nou pat jwenn sekirite kote lot moun men nou menm nou te jere yon kondisyon pou andan kan an. Yon sekrite komsi pa gen vyol, pou pa gen blese, pou pa gen anyen menm. Nou te jere yon fason poun pa domine lot moun. Sa vle di lot pwopriyete ki nan antouraj nou*

*Men nou te toujou ap jwenn difilkite nan men met te a. Mwen pa konnen ki son li pran, gen le li tandé yon son gen organizasyon k'ap bay kob pou pwopriyete ki moun sou*

*teren yo. Depi le souf sa rive nan zorey li, li ase chenn. Komsí li mete cho pou nou bay li. Kounya le nou we konsa, konsa, moun yo komanse ale.*

### **Kijan li mete dife ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Li pa met dife men.....*

### **Ki presyon li ban ou ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Li joure. Ou paka fe tant. Lew fe tan la li krazel. Teren'l pou li, li ka fe sal vle. Li kraze. Le sa le moun nan gen pwoblem nou paka fe anyen. Nou tal nan lameri , lameri di nou li poko ka fen anyen pou nou. Paske se yon byen prive li ye. Li paka monte sou li konsa. Si se te byen leta yo te fe yon bagay pou nou. Li di nou se nou ki pou mete ansanm poun pale avel poul konprann nou. Kounya la le Care vin vini nou esplikel istwa sa , Care di nou gen yon chwa pou nou al chache kay ki fisire. Men lel di nou al cheche kay ki fisire a preske tout kay ki fisire moun ki gen ase mwayen met yo gentan ranje tout kay yo. Kounya ou paka jwenn kay ki fisire.*

### **Lel di nou chache kay ki fisire a kay paw ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non, kay moun. Komsí, si pa epzanp ou te gen kay sa li fisire, epi tou male mwen pran reprezantan Care vin kotew. Reprezante Care paret, paret li paret li diw m'ap repare kay sa pou ou dwe moun 1 an nan kay sa ; oswa banm fe 1an 6 mwa. Tankou mwen menm mwen te nan kay 1 an 6 mwa men mwen gentan bout depi mwa sa la. E yo diw nan kontra sa yo bay la, le moun nan repare kay la, komsí , si moun nan te gen kay li nan bidonvil li pat ka ranjel, epitou li vin jwenn yon organizasyon ki diw la w'ap ranje kay la pou li ban fe 1 an ladann. So, li apsete. Moun nan kay li te nan movez eta le kay sa fin ranje moun nan kay li pou li.*

*Mwen fe 1 an ladann apre 1 an se leve ale. Se youn nan pi gwo pwoblem. Komsí depi anvan plan te fet, mwen pa di li pat bon men kote yo te ye a li pat bon. Li plis apwopriye met kay li menm. Nou menm li pa nan avantaj nou menm. Komsí te gen moun nan kan ki te gen te yo andeyo. Yo di yo menm se pa kob la yo bezwen pou yo manje, pou yo al fe bisnis an apre pou yo ret nan kan. Si yo vle yo te akonpaye yo, yo*

*pa menm akonpaye yo, yo met achte sab,siman, yo te met poze kat blok sou pwop te yo gen andeyo yo ta rete.*

*Le moun nan fin repare kay pou moun nan apre 1 an ou menm ou nan lari. Mwen pat konnen si se konsa mwen tap vini ap kontra pou kap we. Kontra di konsa siw siyen kontra 2 depi 2 lot mwa rive ou menm se kite. Pa gen anyen wap di, anyen menm. Ou antre 2 ou soti 2. Sa vle siw gen yon atant avek met kay la pandan 1 an wap viv nan kay la w gen atant avek li , met kay la ka doublew anko. Li montel pril.*

### **Li gen dwa monte pril ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Wi, li gen dwa montel pril paske kay li pou kounya li fin siyen kontral.*

### **Li di sa nan kontra depil ....?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non, depi le a rive kontraw fini avel.*

### **E ou menm konbyen tan w gen nan kay kote ye ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Mwen menm mwen gen 1 an 6 mwa. Delem gentan rive ok.*

### **Ou peye deja?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non, mwen poké peye. Pandan m'ap diw sa kontram ap bout 2 Avril k'ap vini la. 2 Avril sa sim te gen atant ak met kay la mwen t'ap doublel.*

### **Ou gen atant ak li ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non. li di li pap doublem anko.*

### **Li diw pa vle double ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Li pap double.*

*Gen anpil moun ki antre nan plan se pou kay yo ka ranje. Se pa pou yo anfeme kay. Le moman kay yo fin ranje yo asepte pou fe 1a n nan kay la. Apre 1 an yo diw ale paske kay yo vin bon. Li fet ak nom parasismik kounya li vin nomal. Pandan ou ladann lan yo pap ka monte pri a jan pou yo ta anfemew la .*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Ok kounya se nimewo 3 kap pale .*

### **Ok nimewo 3.**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Ok, sa ki genyen nan pwogram Care lel te vini an, paske OIM t'ap ba moun yo kob pou yo al bati kay. Gen ladan yo ki pat pran kob al bati kay. Care li menm pat vle al bay kob apre pou moun yo retounen nan kan. Sa vle di Care li menm kreye yon mwayen li chache kay kite kraze pandan tranbleman de te lan poul repare yo. Pou moun nan kan yo kapab al nan kay say o.*

### **Men banm diw yon bagay. Kay sa yo pa pou nou?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Kounya lamenn kote pwoblem nan ye, y'ap fe pwogram nan pou moun ki nan kan, men se pa moun nan kan yo ki benefisyel. Mwen men pesonelman mwen te al kot majistra Kafou a a lepok. Mwen te jwenn yon dam ki te nan OIM nan. Nou te fe yon rankont nou te di yo ke pwogram nan Care pap bon pou nou. Jan ou we nimewo 2 te diw lan, si yo te pran senpleman moun ki konnen yo gen te yo olye yo t'al ranje kay fisire yo, yo t'ap annik al batik Kay pou moun yo. Le sa moun yo t'ap benefisy. Men kounya se met kay la ki benefisy. Kounya moun sa yo yo nan lari.*

### **E ou menm kile w'ap renouvre ? Eske w'ap renouvre kay kote te ye a?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non, mwen menm mwen pa gen kay poum renouvre. Sa vle di nou tout gen pwoblem.*

### **Kile ou dwe peye kay la anko ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Mwen menm se prezidan kan ke mwen te ye. Ok, nou sipoze fini nan 1 an 6 mwa, nan mwa Avril nan tou sipoze kite.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *2 Avril preske tout moun net .*

### **W'ap kite ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non nou oblige kite paske moun nan se li ke benefisyé kay lan.*

### **Ok. Menm met kay kote w ye a ki pa vlew double ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Non, pa gen met kay ki vle double se sak pwoblem nan la.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non, paske li menm le kay li fin byen repare...*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Pentire .*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC : *Kay li byen bel.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Byen pentire, tout bagay. Sa vle di li menm li pral monte kay li pou anfeme lot moun. Kounya la pwiske kontra fini, tankou madmwazel sa la li menm nan kay kotel ye a te gen pwoblem twalet. Malgre tout moun ki te nan Care nou te di yo ale kote otorite yo pou pwoblem nan ka amelyore. Yo pat janm ale. Sa vle di ke fi li ye li paka al nan twalet nenpot koman. Sepandan vreman benefisyé la rete pwopriyete met kay la. Nou menm moun ki te anba tant nou pa vreman... Kounya se nou ki pral gen difikil pou nou bagay.*

*Nou te imajine tou ke bagay yo ta pral chanje nan peyi a men nou gade gen kek difikilte ekonomik. Ok, sa vle di bagay yo an ti jan pi difisil. Mwen menm men sa nou*

*te pwopoze Care. Nou te pwopoze pou moun ki anba kan pou yo kapab ede yo pou yo kapab gen yon metye. Ba yo yon metye. Fe yo fomasyon, ok fe fomasyon . Si yo te kapab ede yo de manye sa vle di jwenn yon ti kote, nonmalman yon teren si posib. Moun kite nan kan yo pat dwe yo anyen se sikontans lan ki mennen yon bagay konsa. Men si yo te kapab byen ankadre yo pou pa gen yon lot pwoblem ki rive, yon pwoblem sosyal, yon pwoblem ekonomik. Paske jiska prezan madmwazel sa menm gen pwoblem. Li gen yon timoun men li gen pwoblem.*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Kotem ye a telman pa bon timoun nan pa nan men menm.*

### **Ok n'ap koutel. Koze a telman bon. (Riiiiiii)**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Sa vle di ke nou gen anpil moun ki gen ka sa. Ka mwen menm depi avan yo kite kan mwen te pwopoze yo aprann metye.*

### **Ok, ou pale kle. Ou pale byen an al tandé sa nimewo 1 gen pou di.**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Wi kay kotem ye a, dam nan depi mya Jiye li dim konsa lap banm 1500 dola poum soti nan kay paske li pa anfemel.*

### **Depi Jiye pase li tap remet kob la ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Yo t'ap ba li 1500 dola . Vwala.!*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Wi 1500 dola.*

### **Konbyen yo peye pou kay la?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *4000 mil dola. Mwen di konsa 1500 dola.....*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Kay la, komsi se pa peye yo peye pou kay la.*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Yo reparel.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Gen moun yo repare kay la pou yo. Le yo repare kay la pou ou, komsi Care  
pwopoze si ou jwenn kay fisire al cheche l'ap antann ak met kay la, ranje kay la 1 an 6  
mwa . Men siw pa jwenn kay ki fisere y'ap baw 20000 mil goud kise 4000 mil dola  
pou al anfeme yon kay pou 1 an. Ok? Gen moun kin te al anfeme kay la. Se pa konsa yo  
baw 2000 mil goud la non. Yo dyos paret kot pwopriyete avek ou di chanm kay sa  
, wap rete nan chanm kay sa. Uo bay powopriyete a 4000 mil. Pwopriyete a li menm li  
pran 4000 mil dola li baw resi. Li baw li pou 1 an. Apre 1 an sa swa  
ou reanfemel anko nan men pwopriyete a.*

*Men ka moun ki al nan kay ki fisire yoo se 1an 6 mwa. Pwopriyete sa yo menm ki  
pwoblem yo genyen depi kay yo fin ranje yo pa we moun anba tant kipo rete ladann.  
Yo gade moun anba tan kom moun ki nan kad ki pi mal yo. Yo diw moun anba tant  
pale anpil. Yo renmen jour. Menm le moun nan ap jere bak li antijan byen se komsi  
nou se pi ennmi yo. Ok. Kounya la se pwoblem sa demwazel sa gennyen. Mwen rete  
nan menm zone ansanm avel ak li, Bizoton. Menm kote. Kay li a li menm yo te reparel  
pou li. Met kay la dil pwopozel depi mwa Jiye li pwopozel 1500 dola. Komsi depil ba li  
1500 dola pou l kite kay la. Men sil pran 1500 dola depi mwa Jiye a li t'ap gentan 1  
an. Pandan gen 6 mwa met kay gentan dil l'ap bal 1500 dola pou ale. Lel pran 1500  
dola nan menl li pa gen okenn kote poul ale. Li oblige paka soti. Li oblige di kote yo  
kitem nan se la poum rete.*

### **Ou gen timoun ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Wi.*

### **Yon sel.**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Wi, li gen tifi.*

### **Ou gen mari?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: Non

### **Se ou menm sel ak timoun nan.**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : Non, li oblige paka kite timoun nan.

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Kitel pale.

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: Timoun nan pa la non. Li nan men manmanm andeyo.

### **Kounya se ou sel ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: Wi, kounya la lem te fek antre nan kay la yo te respektem. Kounya leswa mwen paka domi, radyo ouvri byen fo. E kan 1h se le moun pale yon lot mwen pral domi. Mwen pa gen kote poum benyen. Lew ye yo monte sou galeri ya, jen gason fe bri anpeche moun domi.

### **Sa se moun nan kay la oubyen lot lokate ki nan kay la ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: Wi, lot moun ki vini sou galeri ya. Menm met kay la tou lap lage gwo ekla ril. Fe bri, radyo lakay li ouvri byen fo. Mwen paka domi.

### **Met kay la toujou rete nan kay la tou ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : Wi, met kay la toujou rete. Pwoblem ki genyen k'ap ba moun pwoblem, zon yo al chwazi pou nou rete an. Tankou mwen menm, kay mwen menm mwen jwenn lan se pa mwen ki te al chechel. Mwen te di mwen pa t'ap ka jwenn kay ki fisire. Care li menm gen le te gen moun yo te peye pou sa, chache kay ki fisire pou yo. Kounya siw menm tap travay nan Care ou gen yon zanmi ki gen kay ki fisire, ou relel ou di, ha gen yon pwogram wi la m'ap few pase nan pwogram nan pou kay wa tou ranje. Kounya la zanmiw la vini ap papye te a poul mantre ke kay se pou li. Kounya yo repare kay la, repare yo repare kay sa.

*Mwen menm mwen te pete yon diskisyon. Mwen te di zon yo voye mwen al rete a mwen pa abitye ladann. Paske se yon zon aktyelman pa kache diw tire ap fet ladann gran jounenn, geto andan Begamot. Begamot se yon geto. Nenpot le ou ka al verify ou ka al gade pou we. Ou paka leve timoun la. Begamot se yon geto li ye. Gen yon rigol la, marengwen, gen gwo marengwen ou konnenn an. Se la mwen al konnen anofel. Se la mwen al konn anofel. Minwi son, deze son. Joure tout le, geto. Siw gen yon ptit ou paka level la.*

### **Bon tande se la ou al rete?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Se la yo metem rete. Se pa mwen menm. Nan moman mwen pat gen la chwa. Paske kisa yo vin dim, men kisa yo vin dim. Kisa yo vin dim, se nimewo 2 di sa. Men denye mo yo vin dim ki fem vin pa gen lechwa menm. Yo dim sim pa vle rete nan kay yo baw ou a ou pa nan kontra a. Depi yo di sa w pa vle yo eskliw de Care. Care diw pa nan kontra. Sa vle di swa rete nan tan la men ou menm ou pa benefisyé anyen.*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Yo te chwazi kay pou ou oubyen ou ki te chwazi ?*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Non, yo menm ki te chwazi.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Yo menm kite chwazi.*

### **Care ki chwazi kay la ?**

Piblik : Wi.

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *We, alepok yo te nan prese, yo di nou fok nou kraze tan. Paske yo pral vin fe kontwol. Yo te nan mache prese, prese. Yon jou Vandredi kwem. Jou sa yon Vandredi yo fe nou kraze tout tant. Yo di nou men yo al chache kay. Yo di nou men kay yo jwenn. Paske nou pak jwenn kay. Yo di nou men kay yo jwenn.*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Nal nan kay yo, kay yo patko fini menm.*

### **Yo pat ko fini?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Kay yo pat ko fini. Se pandan nou andan kay yo.*

### **Men se pa moun zonn nan nou te ye?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Non, nou pat moun zonn nan.*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Non*

### **Moun ki bo w ye ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Nou menm nou te nan Kotplaj 24.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Nou menm, gen anpil nan nou menm ki te nan Kotplaj. Ok, anpil ladann yo apre tranbleman de te a gen nan yo se kay Pè Salesyen yo te ale.*

### **Ok moun ki bo ye menm?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Mwen mwen se moun Kotplaj mwen ye.*

### **Ok, moun nan zon nan .**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Kounya la anpil nan nou menm tap domi nan lari. Apre tranbleman de te nou t'ap domi nan lari. Gen moun yo kite al kay pè a. Antan done ke nou pat ka ret nan lari a gen yon espas kote nou te ye a nou reyini, plisye moun reyi , anpil moun sot lot kote nou vini nou fe kan. Apre kan OIM vini li fe resansman pou nou. Se konsa bagay la vin pase. Men anpil lapli mouye nou.*

## **E ou menm moun ki kote ou ye nimewo 1 ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Kotplaj 24.*

## **Nou tout se moun la?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Riyel la komanse depi sou Ray jis rive nan prent anle net. Sa vle di kotplaj 24 la,*  
*nimewo 1 ka rete nan mitan, mwen menm mwen rete anle net, nimewo 3 rete anba*  
*net.*

## **Moun kibo ye menm ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Toujou Kotplaj.*

## **Men la ou te fet ? An ok kotplaj la se kote yo soti.**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *An ok, mwen konprann. Kote mwen soti? Mwen se moun Lali Potoprens.*

## **Ou fet Lali ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Mwen al abite Kafou paske paran mwen te rete la. Komsi mwen fin gen yo*  
*lokalite la . Mwen tou rete la, se la mwen pi alez.*

## **E ou menm nimewo 1 ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Moun*  
*Kotdefe*

## **Kotdefe nan sid ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Wi*

## **Depi kile ou te vin Potoprens?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: Depi 96. Kay yon matant mwen te ye. Kounya li te vin gen pwoblem avem. Kounya mwen al nan peyim. Kounya mwen tounen ak yon kouzin mwen 2009. Kounya pandan mwen kay kouzin mwen an tranbleman an pase.

### E ou menm?

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Mwen menm mwen se moun Tigwav, blok Tigwav. Mwen vini isit tou piti. Mwen t'ap viv ak fanmim . Sa vle di ke yo mouri. Se pa nan tranbleman de te a non. Mwen sanse sel pou kont mwen m'ap viv.

### Ok ban fe yon ti bak nimewo 3. Le 12 Janvye a pase nan ki travay ou te ye le sa ?

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Le 12 Janvye pase mwen t'ap eseye, mwen ranje compiter.

### Se sa ou fe kom metye ?

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Wi, mwen fe sa. Mwen te deplase pou mal nan vil poum al achete pyes poum ranje compiter. Men lem tounen kote mwen ta pral ranje compiter a, mwen wem pa santim nomal poum rete. Mwen gade m'we bildin nan mwen pat santim nomal. Lidem pa dim rete. Se yon bildin li ye, mwen desann tou pre yon lot lokal ki se kolej ki rele Kotibanaganma. Mwen gen yon presantiman pa nomal. Epim leve mwen soti. Te a komanse tranble. Pou mwen se te la fen di mond. Se premye fwa map viv sa, kay ap tonbe.

Mwen soti nan lari, m.ap gade nan yon kamyonet yon dam ki andan yo kamyonet. Map gadel mwen paka bali yon kout men. Mwen di se la fin di mond. Mwen travese lari a map penpennen. Map gade yon gwo se lekol Katrine Flon li tonbe. Mwen we yon paket ban poussye. Kolej Katrine Flon tonbe. Le sa mwen pat nan Kotplaj 24. Katrine Flon anwo nan Kotplaj 24. Mwen menm mwen te sou lari. Le sa kounya mwen di bon pa gen espwa anko se late ki gen pwoblem. Apre sa mwen wel vin tanpere.

*Men sa remake tou, kounya m'ap chache we moun pam yo, kote yo ye. Mwen se pwofese. Mwen fe lekol tou. Mwen gade mwen we lekol la tonbe. Map gade tou poum we si lot lekol ki genyen tonbe. Mwen pase kote te pase kraze. Kolej Kotibanagan tonbe. Kouri nan lot riyel poum we si pa gen kay kraze. Lem rive te gen yon lekol mwen te konn fe lekol ladann se Notre Dame du Pepetwel Secour mwen wel pa gen anyen. Epi mwen retounen lari a poum al ede moun . Mwen pran gan, kach nen pou al bay lot moun kout men. Gen lot bagay anko nou t.ap viv anko se replik yo. Nou pat ko konn replik yo. Paske chak te a yon replik nou panse se li k'ap tounen anko. Men nou te gen anpil moun, tankou kolej Katrinflon se te yon lekol 6 etaj tout moun peri ladann. Apre mwen menm mwen te vin gen pwoblem.*

### **Ok , kote kay ou te ya ?**

*# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Kote ke nou te rete a se te yon kay an mi. Li te fisire anpil. Pesonn moun pat vle rete ladann.Sa vle di ke tout moun oblige pran yon ti kabann yon bout bwa, yon planch ou met nan lari epi w'ap swiv.*

### **Ou gen madanm ?**

*# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Non, mwen pa gen madanm.*

### **Ou gen timoun ?**

*# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Non, mwen pa gen timoun.*

### **Ou sel ki te nan chanm nan ?**

*# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Wi, enhen.*

### **Kounya ki travay ou te fe ? Wi te di w se teknisyen. Apre 12 Janvye ou te kontinye travay ?**

*# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Non, pat gen mweyen vreman poun te kontinye travay.*

## **Kijan pa gen mwayen an?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Sa vle di ke tout bagay te kraze. Ou konprann ?*

## **Pwoblem zouti oubyen..?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Pat gen afe zouti. Pat gen mwayen.*

## **Men sak fe nou pat travay?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non, apre tranbleman de te a ou te ka jwenn yon ti pwoblem elektrisite. Ou gen dwa bay timou lesion, bay bagay lekol. Ou te ka jwenn yon ti dyob nan mwen yon moun men pat sanse genyen dyob. Yo pa ta pral livrew tout bagay nan moman peryod yo. Tout bagay te difisil. Sa vle di ke nan period sa nou te komanse regwoupe nou. Moun yo pat ka rete nan lari .Gen moun ki tal kay Pè Salesyen. Nou menm nou te vin gwoupe nou nan kan AKU. AKU se yon organizasyon ki te la avan tranbleman de te ya, ok. Laméri sa vle di moun sa yo te vin envite moun yo pou yo te kapab prepare yo nan kan.*

*A se moman organizasyon te vin bay gwo kout men paske gen moun ki te vin gen pwoblem tromatis. Tankou mwen menm, sa vle di depi yon machin pase pou mwen menm se te a ki pral tonbe. Konprann ? Sa te tromatizem anpil anpil. Jiska prezan gen yon machin ki t'ap pase lotbo a, mwen met zorey mwen byen poum we se pa te ya ki prao tranble anko. Alekout paske yo te predi a tou moman kapab gen yon lot seis anko.*

*Gen timoun tou ki te nan lekol, te gen anpil tromatis le yo we mi an yo te vin gen pwoblem pou yo ta antre lekol. Yo te gen anpil tromatis. Te gen plisyé lot oganozasyon ki te vizite nou tankou Unisef, Solidarite. Epi mwenn menm m'te konn vin nan Dinepa, nan reyinyon apre tranblezan de te a, ki konn fe fomasyon pou nou. Pou nou ka ede lot moun ki gen tromatis. Nou te pran fomasyon tou avek Bilchanj yo te ban ou setifika.*

## **Ou se boss ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Wi, abitid ke, nou kapab fe konstrisyon pou mezon kounye la paske nou pran fomasyon an.*

### **Nou tou de ou te pran li tou ? Ki metye ou genyen ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Mwen fe refrijerasyon e klimatizasyon.*

### **Kounya pou Bilchanj se mason ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Bon maso, kounya mwen ap etidyel. Mal lekol pou li .*

### **Pou bos mason ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Mwen te pran yon setifika nan Kerzini. Se yon kesyon mwen te reponn mwen te jwenn bous la.*

### **Kerzini ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Wi yon lekol. Non lekol la.*

### **Men Care, Kwa wouj pat baw fomasyon ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Non se Bilchanj ki te ban ou fomasyon sou konstriksyon parasismik.*

### **Men sa pat gen anyen a we ak Care?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Non sa pat gen anyen pou we ak Care.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Li pat gen rapo ak Care senpleman nan kan. Gen lot moun kite jwenn lot fomasyon.*

## **Ou te jwenn fomasyon ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Non*

## **Yo pat baw kob pou fe komes ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Yon ti kal kob.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *W'ap di konbyen yo te bay. Ou pat genyen .*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Konbyen yo te bay anko ? Mwen pa sonje non.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Se ou ki te jwenn kob ou.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Ou kwel te rive 1000 dola ?*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *1000 dola non ?*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Yo te bay kob pou deplasman.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Yo te bay 1000 goud deplasman ak 4000 mil goud pou fe yon ti komes. Non moman yo te bay li a menm yo bak saret li pa t'ap ka fe. Kom ou pat genyenl ou oblige pranl.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Yo te bay fomasyon tou, koman li te rele anko ?*

## **Care kite ba noul?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Care te ba yon fomasyon tou, soujesyon bisnis.*

### **Yo te baw tou ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Nou te pran fomasyon poun te ka jere bisnis.*

### **Konbyen tan fomasyon sa ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *3 jou.*

### **Eske li te bon ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Pou mwen menm li te bon. Mwen pa konn pou lot moun. Paske chak moun gen fason pa yo.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Pa rapo ak sa yo te prezante nou apre tranbleman de ta, le nou pral soti nou pat abitwe ak sa. Mwen te trouve li korek. Men nou te mande pou yon reprann li pou nou anko. Pou nou te ka byen asimilel paske sa yo te fe pou nou an se 3 jou selman li te ye. Si nou te gen mwayen nan men nou yon mwayen de enteprenarya nou t'ap chita nou ansanm. Nou kreye mwayen pou te ka monte yon bisnis.*

### **Le ou al nan fomasyon an yo baw yon ti fre ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Non.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Non.*

### **Yo pat bay anyen?**

*Piblik : Non, non,non.*

## **Ok nimewo 2 , le tranbleman de te a pase nan ki travay ou te ye ? Ki kalite travay ou te konn fe ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Bon mwen menm avan 12 Janvye mwen te konn ranje telefon. Mwen ranje odinate tou. Mwen te yon kote kite rele Katedral, se la mwen te konn ye. Se pandan mwen Katedral mwen te gen speker poum ranje pou yon moun. M'ap fe bobinaj. Lem rive lakay mwen, mwen fin achete tout bagay poum al fe speker a. Mwen telman renmen tande mizik, mwen di mal fel lakay si yo bay kouran m'ap tande mizik mwen pap ka gentan fel. Kounya la mwen soti deyo mal fe. Se pandan m'ap fel mwen chita sou yon ti tab yo fe an blok deyo a. Mwen we tab la li ale li tounen. Mwen kanpe mwen pokò ka konprann anyen.*

*Le mwen leve te mwen mwen we yon pwofese ki rele met Bibit mwen we yon lot moun ap pase avel. Sak fem we se li se tet li mwen we. Yon moun k'ap pote de pye a yon lot pran senti a. Kounya mwen telman sezi mwen leve mal chita anba yon mi makoupi m'ap tranble. Kounya gen yon dam ki dim leve anba mi an. Kounya pandan m' leve bo mi an konsa mi an tonbe. Sel yon ti grafonyen mwen te pran .*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Men li menm li gen yon sel ki mouri .*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Mwen menm mwen pedi yon sem.*

## **Ou te nan kay la?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Wi, kay mwen te ye a li tonbe ate plat. Se anfeme mwen te anfemel.*

## **Ok ou te nan kay ak manmanw papaw ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : *Non, pa tap viv ak manman, papam.*

## **Yo la ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Wi manman la, papam la. Yo menyo gentan granmoun anpil.*

### **Lali? Se yo te nan kay avew ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non mwen men mwen tap viv pou kont mwen. Mwen gen yon ti sem se li men ki t'ap viv ak manmanm. Se bagay sa ki te tromatize manmanm plis. Se bagay sa ki fem plis vin ret Kafou. Paske sa la manman te ye. Mwen menm le bagay la pase se Delma 33 mwen te abite, Sen Patrik mwen te abite. Le bagay lafin pase a kay mwen kraze net mwen pa sove anyen. Poum te pran lari se yon moun ki banm yon mayo avek yon pantalon paske se yon tibout chot ak yon sandal ki te sou mwen. Mwen te soti avel poum fe bagay la. Menm moman, menm sware ya mache la poum al chache kot manman ye. Mwen t'ap relel mwen pat ka jwenn li. Nan menm sware ya mwen sot Delmas a pye poum monte Kafou. Kounya lem rive Kafou mwen jwenn manman kod mare nan sentil. Manmanm ap chachem plis lap chache ti sem nan kite avel ki t'ap fe filo. Se youn nan bagay ki koz mwen vin ret Kafou. Ki koz tou mwen nan kan Aku an. Manman te vin ebeje nan kay pè yo. Menm kay pè yo, menm pè yo te di yo menm te vin ap bay pwoblem. Koz moun yo tap fe anpil dezod, bri, yo t'ap kraze gazon. Yo te mande pou yo soti. Kounya la mwen te vin nan kan Aku ak manmanm. Se sak ki fem te tou fin ret kKafou. Kounya la menm manmanm te jwenn yon zanmil ki fel jwenn yon posibilite Meje, te vin bal yon ti kote poul rete.*

### **E sew la ki mouri a ki kote li te ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Bon, li te al lekol. Epitou lekol la tonbe. Pou jis kounya mwen pa konn anyen de li menm. Mwen al chechel lekol la, lekol la plat. Mwen jwenn plisyel lot elev. Se bagay sa kite plis ba manmanm pwoblem paske se sel li menm li te genyen kom moun kap fe filo, pou pedil konsa.*

### **Ok. E apre kisaw te fe pou te viv ? Pandan ou nan kan kisaw te konn viv ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Pandan mwen kan Aku, a bon mwen toujou ranje ti telefon pafwa poum ede manmanm. Mwen vin mete entelijans mwen deyo, mwen apran refrijerasyon ak klimatisasyon.*

## **Ou aprann sa pandan ou nan kan ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Wi, se apre 12 Janvye mwen aprann refrigerasyon, ak klimatizasyon.*

## **Kiyes ki peye pou ou?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Bon se pa komsi moun kipeye pou mwen. Se te ak yon bos mwen te ye. Bos la mwen rete avel, mwen aprann li . Kounya mwen al cheche travay.*

## **Ou te yon apranti ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Wi, lew bezwen ou oblige apranti. Tout moun ki vle rive fok ou apranti avan.*

## **Kounya ou komanse travay tou ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Wi, mwen travay sou li kounya. Mwen gen yon lekol mwen te fon travay pou li yo te gen bous y'ap ban mwen. Depi yo ban mwen bous la se li menm m'ap reetidye al etidye li anko. Jis poun ka gen yon diplom de li menm.*

## **Ok nimewo . Wi jis avan 12 Janvye kisaw te konn fe ? Ki kote w te rete ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Travay kay moun.*

## **Se lakay moun w tap travay le tranbleman de te ya pase ? Ki kote Kafou ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Wi*

## **Lakay moun nan ou te rete menm ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Non, nan kan mwen te ye.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Non, kotew terete avan tranbleman a yo diw?*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Kay yon kouzin mwen te ye. Mwen t'ap travay kay yon dam. Kounya pandan mwen sot travay, kounya nou twa chita nan lakou a n'ap pale. Kounya gade mwen we ti dam nan chavire ki chita sou yon chez. Kounya mwen menm kouri leve pase devan yon machine. Male mwen kouche sou vant nan lot lakou. Kounya mwen sot deyo a. Deyo a tou blanch. Moun ap rele. Kounya mwen pran kouzin mwen an mwen monte Katrine Flon avel. Kounya mwen jwenn dame nan, mwen jwen li ap kriye. Li anbrase avem. Mwen dil kay ou a pa kraze. Li dim non kay la pa kraze. Dam nan se moun Podepe. Kounya kob map travay lakay li ya, kounya li te fe yon sol li te metem nan sol. Li vin al nan peyil kob la tou pedi. Mwen pa jamm tandel.*

### **Kay ou te ye ak kouzin ou an sak pase kay sa?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Kay la kraze.*

### **Kot kouzin ou an?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Kouzin mwen an la.*

### **Li te nan kan ansanm avev tou? Nou pa rete ansanm anko?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Men se li ki dim w'ap mande pou mwen an wi.*

### **Kounya pandan ou te nan kisaw te konn fe pou viv ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Mwen te toujou al travay.*

### **Kay dam nan ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Non, kay lot moun. Nan restoran tou.*

## **E aktyelman?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Kounya mwen vann chabon.*

## **Pandan ou te nan kan ou te vann chabon tou ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Wi.*

**Ok yon sel kesyon anko, mwen wel lap fin ta nou pral lyen. Men ou konnen ou gentan reponn li. Mwen tap poze kesyon kisa ou tap fe si se ou ki t'ap pran dezisyon kisaw t'ap fe?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *We, propozisyon vreman enpotan. Men sa ki pase de trebleman de te ya ak peryod kounya la . Sa vle di ke ,m'ap pran yon epzanp pou nimo 1. Li menm se yon moun ki gen anpli pwoblem. Deja ou we se yon moun ki timid poul pale. Sa vle di li diw l'ap vann chabon men li pake fe ekonomi vreman. Fok li manje. Fok li bwe. Konpran ? Kote li abite nan kay la, sa vle di ke , se pa yon kote ki tou tafe korek pou li. Sa vle di ke mwen menm lem ap gadel ak de twa lot anko, sa vle di ke mwen te di fok nou organize nou antre nou menm poun fel yo aprann yon bagay. Sa vle di sil gen bagay nan menl li ka al chache travay poul degajel koreteman .*

*Menm jan nou menm nap goumen poun gen yon bon metye nan men nou poun travay. Li menm ki te nan kan ansanm avek nou pi lot yo , nou santi bagay la pa fin telmam nomal pou yo. Se vre peyi a pa fin two bon ekonomikman men ou te ka gen yon ti bagay nan menw. Siw pa jwenn jodi ou kapab jwenn demen. Nou paka di li kapab al nan nenpot lekol kounya men li kapab kreye mwayen poul gen yon fomasyon ki kapab edel.*

## **Ok. Eskew panse kounya pi bon ke avan 12 Janvye ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Avan tranbleman, mwen menm prensipalman mwen te kapab jwenn ti dyob. Sa vle di mwen pa t'ap gen pwoblem. Pou nou vini la se koutize nou koutize*

## **Ok nimewo 2, kisa ou t'ap di anvan 12 janvye ou apre?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Avan 12 Janvye, se pa kom si li te pi bon pou mwen non. Men pa epzanp ou pat atann ak yon istwa konsa. Ou pat gen yon panse davans. Ou te tap viv an fason, antijan w. Men le 12 Janvye vin pase komsi ou vin gen yon enpak nan lespriw. Anplis tou pifo kote moun pou ta tyeke, yo tout moun yo gen menm pwoblem ak ou. Kounya la mwen menm metye fe a mwen te ka souviv sou li men kounya la pou pwoblem peyi sa gen la aktyelman pa gen yon moun ki gen kob nan menl sil gen yon bagay pou ranjel li papp bay ranjel paske li pa konnen kijan demen ap ye. Jan peyi vin ye a. Ou menm ki gen metye a nan menu lan ou fin paka manje. Moun kit e ka few manje li menm pou tet pal li pa konn kijan demen pral ye pou li. Sal gen nan menl nan li oblige fon ti kenbel pi di, poul ap kasel ti kal pa ti kal.*

### **Ok nimewo 1, anvan 12 Janvye oubyen kounya?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Menm bagay.*

(Tout tonbe ri)

### **Ok mwen gen lot kesyon, eske kan pat gen okenn avantaj?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Ki avantaj kite genyen ? Avantaj mwen ka di li te genyen gen anpil moun komanse sou mwen fini sou yon lot, ki avantaj nan moman yo vin ba nou kote pou nou domi an. Nou pat komsi gen mwayen an nan men nou pou nou al fel. Desyem avantaj yo te vin ban ou yon afe 800 dola. Komsou pou te fe yon ti degaje. 800 dola komsi pou yo te yon ti bisnis.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Kwa Wouj ki te bay li.*

### **Kile Kwa Wouj te bay li ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Sa pandan yo ap fe anlevman kan yo te bay li.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Se nan period sa yo te bay li.*

### **Ok. Ou menm nimewo, eske we kan te gen avantaj?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Pandan nou te nan kan gen anpil organizasyon kite vizite. Yo te remonte moral nou. Yo te ba nou anpli espwa. Sa vle di gen ladann ki te pote medikaman pou nou. Le yo t'ap pale de kolera gen Solidarite ki te pote yon bokal ti plen klor. Yo te konn pote klor pou. Nan period de tan...*

### **Kisa ki klor?**

(Kloros)

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Yo konn vizite nou pou medam ki ansent. Pou si yo gen yon pwoblem yo ansent. Munista konn vizite nou pou si gen pwoblem ensekirite. Plisyefwa minista konn vinn vizite nou plisyefwa. Nan 3 ou 4 fwa pa mwa minista te konn pase vizite nou pou mande nou eske gen pwoblem. OIM konn pase e jis apre te vin gen Care tou. Avantaj nou te jwenn nan se ke gen kek organizasyon menm si yo pat pote yon paket bagay ban ou men yo pat lage nou telman. Ok ,moralman yo te vin soutni nou .*

### **Ok nimewo 1 ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Sa yo fe pou mwen yo banm prela. Le lapli ap tonbe mwen pa santim ap mouye. Mwen domi byen pwop nan kabann mwen. Apre sa pa gen anyen anko.*

(Tout tonbe riiii.)

### **Yo pat baw fomasyon tou ?**

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Letil ?*

**Men nap pale de avantaj. Avantaj n'ap pale la pandan nou nan kan. Ou pa panse ke panse fomasyon an se yon avantaj li ye tou ?**

*Piblik : Wi, nou te di li te bon.*

**Nou pale byen kle. Nou pa konn gen ti gras moun sa yo nan fokis gwoup nou konn fe yo. Nou konn genyen 5,6,7 ou plis, petet moun sa konn twop moun. Ak nou nou jwenn tout sa nou bezwen e plis.**

**Ak tout tan nou fe nan kan an eske nou jis chita konsa nou fe anyen ? Nou pat janm eseye jwenn mwayen pou nou soti nan kan an menm jan ak lot fanmi yo ki soti yo ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Nan peryod yo sa vle di ke moun yo te gen dwa ap chache. Pou soti nan kan fok ou te gen yon mwayen ekonomik kanmen. Pou deplase, mesye dam sa yo, yo menm nan blok kote yo te plase a, se te yon pwoblem. Yo paka fe komes nan zone nan vreman.

### **Sak fe sa ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Paske zone nan pa bon. Pou sekirite zone nan pa bon. Ok. Sa vle di lew deplase oubyen yon moun l'ap soti nan kan an fok ou te rasirew kote ou prale y'ap ka organizew. Tankou siw al yon kote nan blok pandan ou nan kan ou ka jwenn yon moun k'ap diw ah lap baw kredi. Men nan lot zone kote ou prale ou gen dwa pa jwenn moun ki ka edew. Sa vle di yo vin gen pwoblem. Tankou yo menm zonn kote yo ye a se pa renmen yo ta renmen rete. Paske yo pa gen moun lotbo. Yo paka fe komes. Ou paka fe bisnis, menm lew ta ba yo ti kob la nan kay kote yo ye a.

*Tankou mwen menm mwen gen al fe ti kou lekol. Menmsi yo gen dwa pa peyem nomal menm gen yon espwa. Konprann? W'ap vire, w'ap vire pou we siw ka antre ti kob. Nan peryod tranbleman de te mwen te konn bay lesion. Mwen fe ti kou enfomatik. Mwen bay ti kou sa yo. Moun nan gwe dwa vini kou a se 100 dola , moun nan vini ak 50 dola baw ou paka kite 50 dola ale. Paske pa gen kob ou pa konn kile kob la ap vini.*

**Ok men yon kesyon m'ap pozew, eske pat gen yon epok apre tranbleman de te a gen moun ki te gen tet ansanm?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : Pou mwen menm epok sa se te 11, 12, jiska 13, apre sa li kanpe

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Nan period sa yo wi.

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : Tet ansanm mwen we te genyenl vre. Paske mwen menm se yon moun kite banm yon pantalon ak yon tenis poun met sou mwen. Ok. Li pat menm konenn mwen. Le lap mande menm li dim mwen gen yon patalon la wi mwen gen de ban bay youn. Lot la ban yon mayo. Li ban yon tenis. La demontrew gen yon solidarite la. Epok sa moun nan ap manje yon pen la li pap pe poul kase ti pa ti kal poul baw mose.

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : L'ap baw manje. Te gen tet ansanm.

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : Te ansanm sa li te komansa ap pati te 11 menm ap di 11, 13,14 epitou 15. Wa di se yon bonm ki pase nan tet tout. Tout tounen menm jan yo te ye a.

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Gen yon bagay ki te enpotnan tou. Se ke mwen gen organizasyon ki konn ap bay diri manje, gen lot moun ki konn pa jwenn. Nou te konn bay lot moun ki pa jwenn nan diri nou te konn jwenn nan nou menm. Si yon moun jwenn yon lot pa jwenn nan paw ou menm w bal yon mamit, ou bal de mamit diri. Sa fe pati de tet ansanm nan tou.

### **Ok. Ki organizasyon ki te konn vin ban ou manje nan kan ?**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : Bon manje sa yo te konn bay se pan nan kan yo.

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : Se pa nan kan an.

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refigerasyon ; 9eme ane ; ARC : Mwen mwen te fe pati nan kan. Mwen te konn soti al nan lot kan ki gen plis aktivite. Sa ki te pwoblempoun nou, sak vin pase, 15 fanmil ki te vin ret kan tou organizasyon ki pase chak yo vin we nou kan, yo di nou two piti yo paka ka fe anyen pou nou. Yo oblige ede kan ki gen plis moun nan. Pou yo menm nou menm ki la se afe nou ki bon paske nou tro piti. Kounya nou menm ki deyo a, nou oblige al nan lot kan ki

*gen plis aktivite yo. Pou pas enskri nou nan lot kan non, ou konnen nou oblige mete gwo neg nou deyo pou ka jwenn. Lew jwenn kounya ou randre nan kan paw la avel. Le sa w bay sa yon mamit, ou bay sa yon lot mamit .Se nan sans sa te vin gen tet ansanm sa. Nan sel sans sa.*

### **Ok. nou kesyon pou nou ?**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Kesyon ke mwen menm mwen ta renmen poze, nou jwenn anpil organizasyon ki poze nou kesyon sa wap poze nou la. Men chak fwa ke gen organizasyon blan ou nwa ki vin kote nou, minista ou byen lot organizasyon ki vin kote nou, yo gen yon espwa ke yo ka fe yon bagay pou nou. Pa epzanp sa v le di ke gen anpil fem kay ki pral fini.....*

Piblik: *Yo fini!*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Mwen pa we monte. Mwen pa we desann.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Gen ladann kap poze tet yo kisa yo pralfe.*

**N'ap pa gen anyen deye sa nan fe la. Sel bagay nou ka baw yon ti kob pou peye machine paske ou pedi tan ou vini patisipe. Nou pa yon organizasyon. Kisa nou pral fe ak sa ou sot ban nou la ? Mwen pran enfomasyon ou di la, ou pale byen kle. Ou konnen te gen anpil lajan kite bay lotbo pou moun an Ayiti. Pou mwen li te yon gwo, gwo opotinite, tout moun di sa, Preval di sa , Bill Clinton di sa , USAID, di sa. Moun sou tout late bay kob pou Ayiti. Moun sa yo, ONG, leta, USAID tout net yo pedi opoinite sa. Mwen pale tankou yon moun. Mwen pa pale pou okenn organizasyon. Se yon grimas bagay yo voye moun yo voye nan lot kay moun. Yo fe bon pou met kay la. Yo fe bon pou met te a. Yo jis diw yo chanje laviw pou sevi byen ak kob la li kite pouw. Mwen pale konsa mwen tande sa nou di. Mwen jisatijan, men se sam kafe ? Nou pral mete sa yo nan yon dokiman. Poun di men sa moun yo di. Men sa yo we. Bay moun metye. Gen moun ki di pito yo te bay yo te. Anpil moun di sa tou. Bay yon ti te pou yo rete chay sa do yo.**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Si yo te fe sa gen anpil moun, jan ou we mize sa ye la, li pa ta konsa. Imagine new komanse sou mwen kay mwen pral bout la tet mwen cho. Eskem pral domi nan lari ? Eske gen yon moun w pral di banm fe yon ti ladesant bo kotel? Non. Komsou wem monte, senseman mwen gen 1000 dola sere. M'ap sanble 1000 dola sa lontan. Komsou m'ap rezevel mwen konnen mwen pral bay li. Se pa grangou mwen pa grangou sou li. Epe soulye mwen pa we chire poum ta achete. Depi moun nan, paske menm lew malere depi ou gen rad pwop sou ou moun nan ka relew li ba w yon ti travay. Men depiw sal li pa pran travay avel. Pou pral pran yon fou met nan antrepriz travay avew. Komsou se pa sa ou pa ta we. Si pa avan ou te gen posibilite pou fe yon bagay. Si moun nan te diw, 'eskew w gen te andeyo ?' 'Wi mwen gen te andeyo. Eske chwazi al ret andeyo ?' Wi. Ebyen men sa m'ap fe pou ou. Pou paka fe yon paras mete ou, nou paka fe yon gwo babay pou ou. M'ap fe yon chanm kay pou ou. Ou menm wa reziyew pandan ou nan chanm kay sou ka agrandi wa agrandil pandan ou ladann. Men nou menm n'ap fe yon chanm kay metew.*

### **Gen anpil moun ki t'ap di sa.**

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Ou we sa m'ap fe ya la 1 an t'ap vini mwen pa tap nan tet cho. Kounya 1 an sa t'ap vini an, 1000 dola sa w konn sam ta fe avel ?*

# 1 Marie Solange Jeanty; Fi; 34 ane ; 1 timoun ; Komes ; 6eme ane ; ARC: *Ou menm ou gen 1000 dola mwen menm mwen pa gen 50 kob.*

# 2 Antoine Pierre Pelicier ; Gason ; 30 ane ; 1 timoun ; Refrigerasyon ; 9eme ane ;  
ARC : *Sa se ekonomi pam mwen fe. Fok ou ka konprann sam vle diw la. Se pa grangou mwen pa grangou non. Se pa rad mwen pa ta achete.*

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Mwen kontan rankont lan. Paske mwen we gen moun k'ap panse pou nou. Nou rankontre plisye moun deja ki mande nou enfomasyon. Mwen menm pesonelman nimwo 3 mwen santi ke nou menm nou pa pou kont nou vre. Sa vle di pa rapo ak abyans ke mwen we ke nou poze nou kesyon an, si reyelman vre te gen moun apre tranbleman de te ya ki te antere konsa avek nou, sa vle di ke t'ap gen anpil, anpil chajman. Nou menm Ayisyen nou pa bezwen anpil bagay. Ok. Gen yon minimom le nou jwenn li nou ka*

*devlope nou. Konprann ? Men nou menm nan stad nou te ya, bagay yo nan moman te difisil. Yo poko bagay non. Men mwen kontan anpil. Men kowodene mwen baw la , nou baw la yo kapab itil pou si gen yon lot katastwof pi devan .*

**Mwen swete sa. Ok, mesi anpil wi .**

# 3 Jean Herold Jean ; Gason ; 45 ane ; Pa genyen ; Enfomatik ; Filo ; ARC : *Mesi wi madam.*

**Ok**

**FEN!**